

## Règleman sou Dwa Sivil avèk Non-Diskriminasyon

Nou ankouraje tout paran avèk elèv pou rapòte nenpòt ou byen tout vyolasyon dwa sivil bay Kowòdonatè Dwa Sivil la, John Chistolini, nan Conservatory Lab (395 Columbia Rd, Boston, MA 02125- 617-254-8904).

Anplwaye lekòl la oblije rapòte nenpòt vyolasyon dwa sivil yon elèv, bay Kowòdonatè Dwa Sivil la. Kowòdonatè Dwa Sivil la va mennen ankèt sou tout akizasyon yo rapòte bay li.

Kowòdonatè Dwa Sivil la va mennen ankèt sou akizasyon an epi li pral bay Direktè a rapò alekri de ankèt la ak yon kopi bay pati ki fè rapò a sou 15 jou ouvrab, nan jou lekòl. Konklizyon Kowòdonatè Dwa Sivil yo dwe genyen ladan yo:

- Rekòmandasyon pou aksyon korektif kote sa aplikab
- Kowòdonatè Dwa Sivil la ap fè pati ki fè rapò a tou konnen ajans sa yo ka bay plis sipò oswa aksyon konsènan nenpòt vyolasyon dwa sivil yo tankou:

Biwo Pwokirè Jeneral Divizyon Dwa Sivil Nan Massachusetts [www.mass.gov/ago](http://www.mass.gov/ago)

(617) 727-2200

Komisyon Nan Massachusetts Kont Diskriminasyon (MCAD) [www.mass.gov/mcad](http://www.mass.gov/mcad)

(617) 994-6000

Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini [www.ed.gov/ocr](http://www.ed.gov/ocr)

(617) 289-0111

Sèvis Relasyon Kominotè Depatman Jistis Etazini [www.usdoj.gov/crs](http://www.usdoj.gov/crs)

(617) 424-5715

## Deklarasyon sou Non-diskriminasyon ak sekirite nan lekòl la

Pou pi bon sansibilizasyon avèk konpweyansyon pou tout moun, sou dwa sivil yo bay tout sitwayen dapre lalwa, ak responsablite ki akonpaye yo, Lekòl Conservatory Lab Charter te devlope dokiman Dwa Sivil ak Enfòmasyon sou Sekirite pou Pèsonèl Lekòl la, Paran avèk Elèv, ki disponib si ou mandel, men rezime a:

### Tit I nan Lwa 1990 sou Ameriken andikape yo:

Entèdi diskriminasyon, esklizyon nan patisipasyon ak refi pou benefis yo sou baz andikap nan domèn travay.

### Tit II Lwa 1990 sou Ameriken andikape yo:

Entèdi diskriminasyon, esklizyon nan patisipasyon, ak refi benefis yo sou baz andikap nan domèn pwogram edikasyon

### Tit IX Amanman Edikasyon 1972:

Entèdi diskriminasyon, esklizyon nan patisipasyon, ak refi benefis yo nan pwogram edikasyon sou baz sèks.

### Tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la:

Entèdi diskriminasyon, esklizyon nan patisipasyon ak refi benefis yo ki baze sou andikap.

### Seksyon 504 Lwa Reyabilitasyon 1973:

Entèdi diskriminasyon, esklizyon nan patisipasyon, ak refi benefis yo ki baze sou andikap yo.

**MGL, Ch. 76, Seksyon 5 Lwa Jeneral Massachusetts, Chapit 76, Seksyon 5:** Entèdi diskriminasyon nan tout lekòl leta yo sou baz ras, koulè, sèks, nasyonalite orijin, relijyon avèk oryantasyon seksyèl.

Anplis de sa, dapre Dwa Sivil yo akòde pou tout moun, elèv ki ansent nan Lekòl Piblik Conservatory Lab Charter yo genyen pèmisyon pou yo rete nan klas edikasyon regilye yo, epi patisipe nan aktivite paraskolè avèk elèv ki pa ansent pandan tout gwosès yo. Apre yo fin akouche, yo genyen pèmisyon pou yo retounen nan menm pwogram etid akademik epi pwogram paraskolè menm jan yo te patisipe nan yo anvan yo te ale.